



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ ARTÈ NÒ-SID LA, NAN UTICA,
KI TE KOUTE 66.5 MILYON DOLA**

Se pi gwo Pwojè DOT janm genyen nan Utica, e l ap Amelyore Sikilasyon ak Sekirite sou Wout ki pi Pasant nan Mohawk Valley

Pwojè an Amelyore tout bon tou Pasaj Pyeton a Bisiklèt nan Mohawk Valley

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse achèvmman pwojè rekonstriksyon Artè Nò-Sid la (Arterial North-South), nan Vil Utica, Konte Oneida. Pwojè a te koute 66.5 milyon dola, e se yon envèstisman san presedan pou sikilasyon ak sekirite nan wout ki pi pasant nan Mohawk Valley. Li ranplase vyadik elve ki te la depi 55 an e ki mennen Route 5, Route 8 ak Route 12 nan Vil Utica, gras a yon echanjè a de nivo ki amelyore aksè nan tout direksyon. Sa se pi gwo pwojè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a janm fè nan Vil Utica.

“Investisman san parèy sa a ede relve anba lavil Utica, pou gran wout yo pi an sekirite e pi modèn, pou sikilasyon an vin pi fasil, epi pou kore kwasans komèsyal e ekonomik nan Mohawk Valley”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Toutpatou nan eta a, n ap investi nan renovasyon enpòtan pou wout ak pon yo, pou ranfòse enfrastrikti nou an, pou jenerasyon k ap vini yo.”

Artè Nò-Sid la se yon avni prensipal pou Rejyon Mohawk Valley, ki pase nan pati lwès Utica. Li etabli koneksyon enpòtan avèk NYS Thruway ak Adirondacks, sa ki pèmèt biznis yo antre-sòti pi fasil nan zòn Utica. Li konekte North SUNYIT Campus la tou, atravè Utica, avèk lòt gwo otowout ki nan zòn nan, tankou paregzanp Route 5, Route 8, Route 12 ak Route 840 Eta New York.

Nouvo otowout lan, ki sou yon nouvo aliyman, rive sou Court Street apati yon nouvo echanjè a de nivo, sa ki amelyore aksè nan tout direksyon. Single Point Urban Interchange te ouvri nan mwa d Jen, e konsepsyon modèn li an se youn nan detwa sèlman ki an plas atravè eta a.

Pwojè an amelyore tout bon tou sikilasyon pyeton ak bisiklèt, gras a yon nouvo pon pou pyeton - ki te louvri an 2014 - travès ki renove, e yon santye 10 pye lajè, ki gen plizyè fonksyon, ki konekte katye West Utica yo e ki pral bay aksè a Canal Erie Trail. Art Park nan pye pon pou pyeton yo, sa ki pèmèt moun k ap fè trajè an fè yon ti kanpe, epiou pak la reprezante yon nouvo kote pou òganize evènman kominotè.

Anplis de sa, pwojè an ajoute yon nouvo espas vèt e ouvè nan zòn nan, ekleraj LED, ak 12 panno eskilti atistik sou akile pon yo. Se kominote an ki te chwazi panno sa yo, e yo gen imaj pou transmèt istwa rich zòn nan ak koridò transpò an.

Men eleman pwojè an te gen ladan tou:

- Gen yon nouvo ranp ki soti Route 5A ki pran direksyon lès, e ki bay aksè dirèk a LaFayette Street ak Varick Street, epi a distri istorik brasri Utica a;
- Court Street vin pi laj, ant State Street ak Huntington Street;
- Yo amelyore konfigirasyon ranp yo onivo echanjè Route 5A ak Route 5S;
- Yo konstwi yon liy akselerasyon nan fen ranp ki soti nan Route 5, Route 8 e Route 12 ki nan direksyon sid, rive sou Route 5A, ki nan direksyon lwès
- Yo amelyore pave yo sou State Street, ant Roberts Street ak Ramp K, epitou sou Lincoln Avenue, ant Newell Street ak Court Street
- Yo modènize limyè siyalizasyon yo sou State Street, nan entèseksyon Court Street, Columbia Street, LaFayette Street ak Ramp K pou amelyore efikasite sikilasyon an.
- Yon pwolonje Lincoln Avenue ki rankontre Burrstone Road nan yon nouvo limyè siyalizasyon, e sa pèmèt yon meyè aksè a biznis ki toutolon koridò sa a.
- Yo pwolonje Champlin Avenue e li kwaze avèk Route 5A, sa ki pèmèt yon lòt wout dijans pou zòn lan epi amelyore aksè a kanpis Saint Lukes Hospital ak Utica College.

Gen detwa ti travo finisyon ki pral kontinye nan kad pwojè sa a, okòmansman ane k ap vini an, tankou paregzanp jaden, twotwa ak santye pou divès fonksyon, epi tou kèk frezaj ak pave sou Lincoln Avenue. Travo sou rezo wout adjasan anba lavil Utica, ki gen ladan Columbia Street ak Lafayette Street, pral fini nan fen ane a, e sa pral amelyore Distrik Atizay ak Brasri (Arts and Brewery Districts) ki an plen esò nan vil la.

Senatè Joseph Griffo te deklare, “Pou dènye ane ki sot pase yo, nou te tann avèk enpasyans achèvmman pwojè rekonstriksyon Artè Nò-Sid lan an, nan Utica. Gwo pwojè sa a, ki te mande yon gwo envestisman finansye 66.5 milyon dola nan men eta a, te amelyore anpil yon artè ki te demode e ki te gen danje ladan; nou fè reparasyon ki te nesesè pou sekirite, e nou fè li pi fasil pou otomobilis ak lòt moun sikile nan vil la e nan rejyon an. Anplis de sa, li amelyore enfrastrikti nou an, ki se yon eleman enpòtan nan devlopman ekonomik. Mwen ta renmen remèsye Depatman Transpò Eta a, ansanm ak tout kontraktè ki te travay sou pwojè a, pou efò yo fè pou asire pwojè an te fini avèk siksè”.

Manm asanble Anthony Brindisi te deklare, “Pwojè pou Artè a se yon gwo siksè. Li pèmèt yon nouvo wout efektivman konekte Utica ak zòn ki antoure li yo, e li amelyore tout bon vizibilite ak sekirite chofè ak pyeton yo. Depatman Transpò an te travay byen avèk manm kominote an ak lòt ajans pou fini yon pwojè ki reprezante, an tout evidans, yon avantaj pou rejyon an. Achèvmman gran wout modèn sa a pral ede kore ekonomi Utica ak kominote ki tou pre yo, pou plizyè ane k ap vini”.

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente Jr., te deklare, “Pwojè Artè a se yon eleman esansyèl pou kwasans ak devlopman ekonomik Konte Oneida e tout rejyon

an. Apre plizyè ane Depatman Transpò Eta a te pase ap travay di, mwen kontan anpil dèske artè enpòtan sa a repare avèk siksè, e mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou investisman li fè nan kominote nou an”.

Majistra Utica a Robert M. Palmieri te deklare, “Se yon gwo jou nan Vil Utica, poutèt Artè Nò-Sid la fini. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou vizyon li, e poutèt li kontinye montre devouman li anvè reyon nou an. Mwen remèsye Depatman Transpò Eta New York la tou, ansanm ak delegasyon Leta nou an. Pwojè sa a reprezante yon investisman san parèy, ki pral amelyore kalite lavi, koneksyon ak sekirite tout moun ki vwayaje sou artè a”.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon an tan reyèl, rele 511, vizite www.511NY.org, oswa konekte sou telefòn selilè w sou m.511ny.org.

Swiv DOT Eta New York nan Twitter: @NYSDOT. Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYSDOT.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418